

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngainventarisasi dongéng-dongéng anu sumebar di wewengkon Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis, ngadeskripsikeun unsur-unsur semiotik dongéng-dongéng hasil inventarisasi, jeung ngalarapkeun hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca basa Sunda pikeun barudak di tingkat SMP.

Dongéng minangka kabeungharan budaya masarakat miboga fungsi salaku media *transformasi* ajén-inajén. Ku kituna pikeun medar/mesek unsur ajén ieu dipaké pamarekan semiotik. Pamarekan ieu miboga sasaran utama ngaguar tanda jeung sistem tanda dina karya/dongéng anu dina éta tanda téh ayana ajén-inajén dongéng. Pikeun amplikasi hasil panalungtikan, mangka dongéng hasil analisis dilarapkeun kana bahan pangajaran.

Pikeun ngahontal tujuan di luhur mangka dipaké matode deskripsi kualitatif. Metode ieu ngawengku inventarisasi, analisis, klasifikasi, jeung interprétasi data. Pikeun ngainventarisasi data dipaké metode sadap rékam, nyaéta ngumpulkeun tuturan data ti narasumber maké media rékam. Satuluyna data anu kapanggih ditranskripsi jeung dinalisis.

Dongéng-dongéng anu kapanggih ti lapangan sumebar di Désa Panjalu aya tujuh dongéng nyaéta: : 1) Sasakala Situ Léngkong Panjalu; 2) Maung Panjalu; 3) Babad Panjalu (Hariang Kuning); 4) Arya Sacanata/ Arya Salingsingan; 5)

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kacamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

Sasakala Karapyak (Aki Patradiwangsa); 6) Singa Santana jeung; 7) Dongéng Hujungwinangun. Lolobana sumber data dongéng asalna ti kuncén patilasan anu dipiyakin éta téh patilasan tokoh/carita dina dongéng.

Dicokot opat sampel dongéng, nyaéta dongéng Sasakala Situ Léngkong Panjalu, Maung Panjalu, Babad Panjalu (Hariang Kuning), jeung Arya Sacanata/ Arya Salingsingan pikeun dianalisis sacara sruktural jeung semiotik. Analisis struktural ngawengku analisis aspek alur, tokoh, jeung latar. Analisis semiotik ngawengku inventarisasi tanda jeung interpretasi kana tanda éta. Hasil tina inventaris tanda kapanggih tanda dina wangun ikon, indeks, jeung simbol. Hasil tafsiran tanda éta kapanggih ayana pesan tina tanda anu mangrupa pesen ngeunaan ajén religious, ajén kamasarakatan, adat, moral, sistem duduluran, tata kanagaraan, jeung sumanget perjuangan.

Dongéng ogé dianalisis dumasar kriteria bahan ajar. Hasil analisis nyebutkeun tina tujuh dongéng, aya genep dongéng anu nyumponan pikeun dijadikeun bahan ajar. Hiji dongéng nyaéta dongéng Hujungwinangun teu nyumponan sabab kurang tina struktur dongéngna. Pikeun conto bahan pangajaran dipidangkeun dongéng Babad Panjalu.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan ieu aya sababaraha saran anu ditepikeun pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi kana ieu karya sastra, diantarana:

- 1) Saran ka para panalungtik sastra utamana ngeunaan dongéng

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

Panalungtikan dongéng sakuduna make pamarékan anu leuwih teleb tibatan inventarisasi jeung sruktural wungkul. Hal ieu ku sabab dina dongéng loba pisan guareun anu bias jadi élmu pangaweruh, utamana pakait jeung kabudayaan masarakat sumber dongéng éta.

Panalungtikan dongéng ogé dipiharep bisa dilaksanakeun gawé baréng jeung pihak pamaréntahan atawa dinas anu ngokolakeun kabudayaan. Hal ieu pakait jeung dongéng téh salaku asét daérah, saupma tina dongéng éta urang bias matéakeunna bias jadi sumber pikeun bahan pangajaran malah ogé sumber pendapatan daérah. Tempat-tempat anu pakait jeung dongéng atawa ritual/upacara adat jeung hal pakait jeung dongéng bias jadi objék wisata anu bias nguntungkeun.

2) Saran ka guru basa Sunda

Apresiasi dongéng di sakola (ngaregepkeun, maca, jeung nyarita) sakuduna lain ngan saukur barudak ngarah apal wangun dongéng. Leuwih jauh ti éta dipiharep barudak diajak ngalenyapan eusi dongéng. Sabab dina dongéng loba pisan pitutur anu hadé. Utamakeun dongéng-dongéng anu asalna ti wewengkon sewang-sewangan. Hal ieu ngarah unsur dongéng leuwih karasa ku barudak.

Guru ogé diperedih sangkan boga kamapu/ kompetensi dina dongéng. Kamampu ieu saperti macakeun/ngagalantangkeun bari metakeun, jeung medar eusi dongéng. Ieu pakait jeung aprésiasi barudak. Saupama aprésiasina alus, mangka barudak bakal leuwih daria diajarna.

Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

3) Saran ka para mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah

Saupama aya ngulik analisis sruktur-semiotik tina karya sastra hususna karya prosa, kudu maham heula kana galeuh-galeuhna tiori sastra jeung semiotik. Pedaran jeung analisa bakal leuwih jero jeung euyeub saupama geus ngarti kana dua hal éta.



Andi Sopandi, 2012

Analisis Struktur Semiotik Dongeng-Dongeng Di Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis Pikeun Pangajaran maca di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu